



Fason Sekirite Sosyal ka ede w lè yon manm fanmi w mouri

Ki sa ki andedan

Pou kontakte Sekirite Sosyal

2

Ou dwe fè Sekirite Sosyal konnen lepli vit sa posib lè yon moun nan fanmi w mouri. Abityèlman direktè ponp finèb pral rapòte lanmò yon moun bay Sekirite Sosyal. Ou pral bezwen bay nimewo Sekirite Sosyal moun ki mouri a bay direktè ponp finèb la konsa yoka fè rapò a.

Kèk nan manm fanmi moun ki mouri a ka resevwa benefis nan men Sekirite Sosyal si moun ki mouri a te travay ase lontan nan djòb ki peye taks Sekirite Sosyal pou ka kalifye pou resevwa benefis. **Kontakte Sekirite Sosyal lepli vit sa posib pou asire w fanmi w resevwa tout benefis yo gen dwa pou resevwa.** Tanpri li enfòmasyon ki anba a avèk anpil atansyon pou aprann ki benefis ki ka disponib.

- Nou ka peye yon montan \$255 yon sèl fwa pou konjwen ki siviv la si li t ap viv ak moun ki mouri a. Si yo t ap viv separe epi yo elijib pou kèk benefis Sekirite Sosyal sou dosye moun ki mouri a konjwen ki siviv la ka toujou kapab resevwa vèsman inik sa a. Si pa gen konjwen ki siviv, yon timoun ki elijib pou benefis sou dosye moun ki mouri a nan mwa lanmò a ka resevwa pèman sa a.
- Kèk manm fanmi **ka elijib** pou resevwa benefis mansyèl, ikonpri:
 - Yon vèw oswa yon vèf ki gen 60 an oswa plis (50 an oswa plis si li andikape);

- Yon vèw oswa yon vèf ki gen nenpòt laj k ap pran swen pitit moun ki mouri a ki poko gen 16 an oswa ki andikape;
- Yon pitit moun ki mouri a ki poko marye ki:
 - Poko gen 18 an (oswa jiska 19 an si l se yon elèv aplentan nan yon lekòl elemantè oswa lekòl segondè); oswa
 - Gen 18 an ki gen yon andikap ki te kòmanse anvan l gen 22 an;
- Yon bofis/bèlfi, pitit pitit, pitit pitit konjwen w oswa yon pitit ou adopte nan kèk sikonstans;
- Paran, ki gen 62 an oswa plis, ki te depann de moun ki mouri a pou omwen mwatye sipò yo; epi
- Yon konjwen sivivan ki divòse, nan kèk sikonstans.

Si moun ki mouri a t ap resevwa benefis Sekirite Sosyal, ou dwe retounen benefis moun nan te resevwa pou mwa lanmò a oswa nenpòt mwa aprè sa. Pa egzanp, si moun nan mouri nan mwad jiyè, ou dwe retounen benefis yo peye nan mwad out la. Si pèman an fèt pa depo dirèk, kontakte labank lan oswa lòt enstitisyon finansye epi mande yo pou yo retounen nenpòt lajan yo te resevwa pou mwa lanmò a oswa aprè sa. Si pèman an fèt pa chèk, **pinga** w chanje chèk ou te resevwa pou mwa moun nan mouri a oswa aprè sa. Retounen chèk la nan Sekirite Sosyal lepli vit sa posib.

